



Pou Piblikasyon Imedya: 28/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 2 MILYON DOLA NAN FON FEDERAL DISPONIB POU ENDISTRI LAPÈCH GREAT LAKES YO KE PANDEMI COVID-19 LA AFEKTE

Peryòd aplikasyon an ouvri 1ye mas; Yo pral aksepte aplikasyon yo jiska 15 avril

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse gen apeprè 2 milyon dola nan finansman federal ki disponib pou [Pwogram Sekou Lapèch Gran Lak New York](#), ke yo bay atravè Lwa sou Kredi Konsolide (Consolidated Appropriations Act) 2021 an, Otorize nan kòmansman pa Lwa sou Èd, Soulajman, ak Sekirite Ekonomik pou Kowonaviris (Coronavirus Aid, Relief, and Economic Security, CARES), finansman sa pral ede endistri lapèch Gran Lak New York la yo apre gwo pèt ekonomik ke pandemi COVID-19 la lakoz. Biznis fwidmè, lapèch komèsyal, ak lapèch Iwazi pou lokasyon ki elijib yo pral kapab aplike pou finansman an apati 1 mas.

"Endistri ak biznis yo ke pandemi COVID-19 la te afekte atravè Eta a, sa gen ladan lapèch nan Gran Lak New York la yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lapèch nan Gran Lak yo se motè ekonomik vital nan plizyè santèn kominote atravè Lak Erie ak Lak Ontario. Finansman enpòtan ki anonse jodi a pral ede sipòte endistri sa ak lapèch sa pou plizyè jenerasyon alavni epi pral bay sipò nesesè ki pèmèt li pwospere".

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la te travay an kolaborasyon avèk Lapèch Administrasyon Oseyanik ak Atmosferik Nasyonal (NOAA Fisheries) ak Komisyon Lapèch Gran Lak (Great Lakes Fisheries Commission, GLFC) pou devlope yon plan depans finansman ki disponib, sa gen ladan fason lajan an ka distribiye epi ki biznis ki elijib nan endistri lapèch komèsyal ak Iwazi pou lokasyon nan eta a.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Basil Seggos, te deklare, "Biznis yo atravè Eta New York, sa gen ladan endistri lapèch Iwazi ak komèsyal, te viv gwo difikilte finansye pandan pandemi COVID-19 la. DEC rete angaje pou sipòte endistri lapèch Gran Lak New York la yo epi pral travay an kolaborasyon avèk patnè nou yo pou akselere distribisyon sekou sa a pou tout aplikan ki elijib yo".

Sektè lapèch ki elijib yo gen ladan pechè komèsyal ak operasyon lapèch pou lokasyon ki baze nan dlo Lak Erie oswa Lak Ontario New York yo, sa gen ladan pati anwo ak anba Rivyè Niagara ak Rivyè St. Lawrence. Nouyòkè ki elijib yo dwe te patisipe nan

endistri lapèch sa yo an 2020 ak pandan senk ane anvan yo. Aplikan yo dwe demonstre yon pèt revni ki depase 35 pouzan pa rapò ak revni nan lapèch pandan pandemi an (1 mas - 31 desanm 2020 oswa 1 jan - 31 desanm 2021). Si yo reklame pèt yo pou 2020 ak 2021, aplikan yo gen obligasyon depoze de aplikasyon. Biznis ki pa elijib yo gen ladan transfòmatè/vandè pwason, boutik apa ak atik lapèch, biznis reparasyon bato, chantye bato, restoran ak vandè an detay fwidmè.

Nou ankouraje aplikan yo pou revize tout kritè nan [plan depans final sekou pou lapèch](#) la. Aplikasyon yo pral [disponib sou sitwèb DEC](#) la epi pral aksepte [soti 1 mas jiska 15 avril 2022](#). DEC pral konsidere kontestasyon aplikan yo konsidere kòm pa elijib yo nan kad yon pwosesis kontestasyon apwofondi ak enklizif, pandan y ap kenbe konfòmité avèk pwogram federal la.

DEC pral travay an kolaborasyon avèk GLFC pou distribye finansman bay aplikan ki apwouve yo. Yo pral mete èd disponib pou patisipan yo apre apwobasyon aplikasyon yo. Jan NOAA Fisheries mande sa, yo dwe debloke tout lajan ki repati nan Eta New York bay patisipan yo an out 2023. Gen kèk benefisyè prim ki ka sijè ak yon odit federal.

Pou plis enfòmasyon, voye imèl bay dec.sm.fwcares@dec.ny.gov, rele [\(315\) 654-2147](#), oswa vizite [sitwèb DEC](#) la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418